



Yon mesaj pou patisipan REPRIEVE yo ...

Kounye a ke REPRIEVE ap fini, anpil nan nou ap mande si nou dwe kòmanse pran medikaman estatin yo te teste nan esè a: Èske medikaman sa yo ki bese kolestewòl la bon pou ou?

Yon rezime sou esè a ak rezilta l yo:

1. REPRIEVE te enskri prèske 8000 moun k ap viv ak VIH (PWH) toupatou nan mond lan, ki te ant laj 40-75 lane, ki t ap swiv ART (terapi antiretroviral) estab, epi ki pa t genyen okenn maladi kè ke yo konnen oswa ki pa t gen lòt rezon pou pran estatin. Rezilta esè a aplike pou gwoup moun sa yo.
2. REPRIEVE te dekouvri ke itilizasyon yon medikaman estatin, pitavastatin, an rezon yon dòz 4 mg/jou, te redui a 30% LDL ('move') kolestewòl la epi te redui a 35% risk pou maladi kè, tankou kriz kadyak, estwòk, maladi vaskilè periferik ak maladi ki lye avè yo.
3. Menm jan ak tout medikaman, patisipan REPRIEVE yo te santi kèk efè segondè. Efè sa yo se te ti ogmantasyon nan sentòm dyabèt ak sentòm ki gen rapò ak misk. Efè segondè sa yo pa t diferan kay patisipan REPRIEVE parapò ak moun ki pa gen VIH men yo endike yon nesesite pou reflechi avèk atansyon sou tretman avèk estatin.
4. Li enpòtan pou note, REPRIEVE pa t teste itilizasyon lòt medikaman oswa sipleman pou redui kolestewòl oswa fè prevansyon kont kriz kadyak ak estwòk. Nou pa konnen efikasite lòt tretman sa yo kay PWH.

Kisa medikaman estatin yo ye?

Estatin se medikaman ki kapab redui to kolestewòl. Yo travay pou bloke yon sibstans kò a bezwen pou pwodui kolestewòl. Rediksyon kolestewòl pa sèl avantaj ki asosye ak estatin; medikaman sa yo asosye tou ak rediksyon risk pou maladi kè ak estwòk. Erezman, pifò estatin yo fasil pou pran—yon sèl fwa pa jou, jeneralman nan lasware.

Èske m dwe pran yon estatin?

Avan nou te konnen rezilta nan REPRIEVE yo, desizyon pou pran medikaman estatin pou PWH te depann sou to kolestewòl ak lòt faktè risk pou maladi kè ak veso sangen (kadyovaskilè). REPRIEVE te montre ke estatin ka ede fè prevansyon kont maladi kè ak estwòk kay PWH nan absans to kolestewòl elve oswa lòt faktè risk pou maladi kè. Sepandan, ou menm ak klinisyen ou dwe anvizaje kanmèm tout faktè risk ou yo, tankou laj, istorik fimèn, ak istorik familyal, pou kriz kadyak ak estwòk avan ou kòmanse pran yon estatin.

Tanpri note li trè enpwobab ke yon enteripsyon kout sou vizit final REPRIEVE ou a pou kòmanse yon estatin yo endike pou rezon klinik ka danjere.

Ki estatin ki bon pou mwen?

Nou te chwazi pitavastatin pou REPRIEVE paske li genyen entèraksyon minimal avèk ART epi li demontre ke li redui to kolestewòl ak amelyore makè enflamasyon kay moun ki gen VIH. Si pitavastatin pa disponib nan zòn ou an, lòt estatin ki pa entèraji avèk ART ka yon chwa rezonab.





Ki estatin ki bon pou mwen?

REPRIEVE pa kapab bay patisipan yo medikaman apre fèm ti esè a. Sepandan, yon kantite estatin disponib pou itilizasyon mondyal, ak sou diferan non mak. Ozetazini, anplis medikaman yo itilize nan REPRIEVE (pitavastatin (Livalo)), yo genyen ladann:

- Pitavastatin (Livalo)
- Atorvastatin (Lipitor)
- Pravastatin (Pravachol)
- Rosuvastatin (Crestor, Ezallor)

Si pitavastatin pa disponib nan zòn ou an, verifye ak klinisyen w lan sou chwaz ki ap bon pou ou.

Ki lòt faktè nou dwe konsidere nan desizyon pou kòmanse pran estatin?

Nou dwe konsidere estatin tankou yon angajman pou lavi. Etandone benefis estatin nan REPRIEVE te pi gwo pase sa nou te atann pou redui kolestewòl LDL poukont li epi nou te administre tretman an pou yon dire ki long nan esè a, ou dwe planifye pou pran medikaman sa a pandan plizyè ane epi kontinye menm si kolestewòl ou amelyore.

Estatin genyen efè segondè. Pifò moun byen tolere estatin, men yo kapab genyen efè segondè. Jeneralman, yo pa twò konsiderab nan REPRIEVE men yo ka gen ladan yo tèt fè mal, noze ak doulè nan misk ak nan atikilasyon. Yon efè segondè pi grav se te yon ti ogmantasyon nan nouvo dyagnostik pou dyabèt, jan yo konn obsève sa nan lòt esè klinik sou estatin, ki kapab yon konsiderasyon enpòtan si w dyabetik oswa si w gen tandans genyen to sik nan san ki wo. Se yon konvèsasyon enpòtan pou genyen ansanm ak klinisyen w lan, paske benefis nan pran estatin ka depase risk sa a. Moun ki dyabetik k ap pran estatin genyen yon risk ki ba pou fè kriz kadyak. Si w decide kontinye, yo dwe verifye to sik nan san (glisemi) ou lè w ap pran pou premye fwa yon estatin. Lòt efè segondè ki grav, tankou domaj grav selil ki nan misk yo ak domaj nan fwa, pa t obsève nan REPRIEVE.

Lòt entèraksyon. Ou menm ansanm ak klinisyen w lan dwe anvizaje tout entèraksyon posib ak estatin w ap itilize a avèk lòt medikaman oswa sipliman sou preskripsyon oswa ke yo vann san preskripsyon ke w ap pran yo.

Balansè risk ak benefis estatin pou tèt ou:

Lè w ap mande tèt ou si w dwe pran estatin, poze kesyon sa yo anvan:

- Èske mwen prezante lòt faktè risk pou maladi kè ak maladi veso sangen?
- Èske mwen enkyè akoz m ap pran yon konprime chak jou, petèt pou tout rès vi mwen?
- Èske mwen enkyè akoz efè segondè estatin yo oswa entèraksyon avèk lòt medikaman?

Li enpòtan pou konsidere rezon medikal ou yo, valè pèsònèl ou, chwaz mòdvi ou, ak tout enkyetid lè w chwazi yon tretman. Pale avèk klinisyen w lan sou tout risk ou pou maladi kè ak maladi veso sangen ak preferans pèsònèl ou avan w pran yon desizyon sou terapi estatin.

Pa bliye yon mòdvi an sante se toujou kle pou fè prevansyon kont maladi kè:

Chanjman nan mòdvi esansyèl pou redui risk ou pou maladi kè, menm si w ap pran oswa w p ap pran yon estatin. Done ki soti nan REPRIEVE te montre yon movèz sante kadyak asosye ak plis blokaj nan atè kè a, epi konpòtman an sante pou kè a kapab amelyore kay PWH. Pou redui risk ou:

- Kite fimen ak evite pran lafimen segondè
- Adopte yon rejim alimantè ki bon pou sante e ki rich ak legim, fwi, pwason, ak sereyal antye, epi ki gen yon fèb kantite grès satire, grès trans, glisid rafine ak sèl
- Pratike pi souvan aktivite fizik epi chita mwens
- Kenbe yon pwa kò w ki bon pou sante

